



Pou Piblikasyon Imedya: 03/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OGMANTASYON SALÈ POU ENJENYÈ AK PÒS  
AGREYE KI GENYEN RAPÒ NAN GOUVÈNMAN ETA NOUYÒK LA POU REKRITE  
AK KENBE ANPLWAYE YO**

***Ogmantasyon salè yo benefisye apeprè 2,600 anplwaye eta atravè 18 ajans eta ak  
Otorite Thruway la***

***Fè pati angajman jeneral Gouvènè a pou l invest nan mendèv piblik ki responsab  
enfrastrikti vital ke Nouyòkè yo itilize chak jou***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon seri ogmantasyon salè pou enjenyè pwofesyonèl, achitèk, jewomèt, achitèk peyizajis ak jewològ nan ajans Eta Nouyòk yo ki angaje yo pou konstwi, kenbe ak ranfòse enfrastrikti vital Nouyòkè yo itilize chak jou atravè Empire State la. Pou ede amelyore rekritman ak retansyon pami mendèv eta a, apeprè 2,600 anplwaye atravè 18 ajans eta pral resevwa ogmantasyon salè ki soti nan 7,000 dola jiska 13,500 dola selon pozisyon yo ak lye jewografik yo.

"Nouyòkè yo konte sou konpetans ak ekspètiz enjenyè yo pou konstwi wout ak pon, konstwi gwo bilding, epi anpeche dezaz rive", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Enjenyeri ak pòs ki gen lisans ki sipòte li yo se kèk nan travay ki pi konpetitif nan mond lan, epi apre yon gwo etid sou mache travay la, li klè ke gouvènman eta a bezwen fè plis pou atire yon filyè talan klas mondyal nan sektè piblik Nouyòk la. Investisman nan diferans salè jewografik sa yo se yon investisman entelijan nan lavni Empire State la."

Ogmantasyon salè sa yo, ki ap antre anvigè 5 desanm, fè pati angajman istorik ak kontinyèl Gouvènè Hochul pran anvè mendèv piblik eta a pandan y ap ranfòse efò administrasyon li a ap fè pou rekonstwi, kenbe, solidifye ak re-imagine enfrastrikti Nouyòkè ak vizitè yo itilize nan tout eta a. Yo pral ranfòse tou efò devlopman ekonomik ak amelyore rezistans fas ak chanjman klimatik la ak move tan.

Ogmantasyon salè a prevwa gen pi gwo enpak nan ajans sa yo, ki kounye a gen pi gwo kantite anplwaye ki elijib:

- Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) — 1,620 anplwaye
- Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) — 542 anplwaye

- Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) — 70 anplwaye
- Depatman Sante (Department of Health, DOH) - 60 anplwaye
- Biwo pou Sèvis Jeneral yo (Office of General Services, OGS) — 57 anplwaye

Anplis ajans ki endike anwo yo, Otorite Thruway Eta Nouyòk ap aplike yon diferans salè pou amelyore rekritman ak retansyon anplwaye k ap chèche kòmanse oswa kontinye yon karyè ak Otorite Thruway la. Konsèy Administrasyon Otorite Thruway Eta Nouyòk la te apwouve pwopozisyon an alinanimite pi bonè jodi a epi li antre an vigè nan kòmansman ane 2025 la. Aksyon sa a baze sou yon diferans salè jewografik ki te deja enpleman pa Eta Nouyòk ak Otorite Thruway la pou anplwaye ki gen tit antretyen otowout yo.

Eta Nouyòk pwomouvwa yon anviwònman ki ankouraje ak sipòte kwasans pwofesyonèl ak opòtinite karyè pou enjenyè, epi li anplwaye plizyè milye enjenyè ak pwofesyonèl ki gen rapò atravè eta a. Federasyon Anplwaye Piblik (Public Employees Federation, PEF) la reprezante pifò nan Inite Pwofesyonèl Teknik ak Syantifik la. Tit Otorite Thruway ki afekte yo sitou reprezante pa Teamsters Local 456 ak CSEA Local 058.

**Komisè Depatman Fonksyon Piblik Eta Nouyòk la ak Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la, Timothy R. Hogues, te deklare,** "Avèk ogmantasyon sa yo epi anba lidèchip Gouvènè Hochul, Empire State ap ranfòse efò li pou atire epi kenbe konpetans ak talan pwofesyonèl sa yo ki amelyore epi kenbe anviwònman natirèl ak konstriksyon ki fè Eta Nouyòk vin yon kote espesyal pou viv, travay epi vizite."

**Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Nan NYSDOT, pèp nou an se faktè reyisit nou an. Nouyòkè yo konte sou konpetans ak ekspètiz enjenyè, achitèk, jewomèt, achitèk peyizajis, ak jewolojis ak anpil lòt pwofesyonèl ki gen anpil talan nou yo pou konstwi wout ak pon, konstwi ayewopò ak estasyon tren, epi ede anpeche dezast rive. Se poutèt sa, apre etid ak analiz ak anpil atansyon eta a te rekonèt nesite pou ale odela pou kenbe pwofesyonèl sa yo ak atire yon filyètalan klas mondyal nan ran eta nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, ki rekonèt epi ki valorize sèvis piblik la, epi ki konnen investisman sa a nan pèp nou an se yon investisman entelijan nan lavni tout ajans eta yo ak nan kapasite NYSDOT pou li kontinye delivre yon rezo transpò ki an sekirite ak fyab pou plizyè deseni k ap vini yo."

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta Nouyòk la, Frank G. Hoare, te deklare,** "Anplwaye nou yo se resous ki pi enpòtan nou yo epi reprezante kolòn vètebral Otorite Thruway la. Ajisteman sa yo pral kontinye envestisman nou nan manm ekip nou an ki enpòtan anpil pou antretyen ak operasyon Thruway la, epi sa pral pèmèt nou rekrite ak kenbe yon fason konpetitif kandida ki kalifye pou ane k ap vini yo. Inisyativ sa a pa t ap posib san sipò solid Gouvènè Hochul ak lidèchip devwe Teamsters Local 456 ak CSEA 058 ki reprezante 89 pousan nan mèn dev nou an. Fonksyonè piblik ki travay di nan Otorite Thruway la merite konpansasyon sa a epi mwen remèsye yo pou devouman yo pou asire Thruway rete youn nan otowout ki pi an sekirite epi ki pi fyab nan nasyon an."

**Komisè Tanporè Pak Eta Nouyòk la, Randy Simons, te deklare,** "Enjenyè, achitèk, ak pòs ki gen rapò yo se ewo enkonni nan sistèm Pak Eta Nouyòk la. Yo enpòtan anpil pou asire yon seri enfrastrikti ki ekstrèmman divèsifye – ki gen ladan pisin, pon, baraj, sistèm dlo potab, bilding istorik, lansman bato ak plis ankò – anplas pou akeyi 84 milyon vizitè san danje chak ane. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Komisè Hogues, ak Depatman Sèvis Sivil la pou mezi sa a pou ede nou rekrute epi kenbe pwofesyonèl ki trè kalifye sa yo."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantral Nouyòk la, Sean Mahar, te deklare,** "Ekip talan enjenyè ak lòt ekspè ki gen lisans DEC yo ap travay chak jou, pwoteje resous natirèl ak bèt sovaj Nouyòk yo, netwaye kontaminasyon, epi retabli potansyèl ekonomik katye yo nan tout eta a. Gras ak Gouvènè Hochul ak Depatman Sèvis Sivil la, nouvo ogmantasyon salè sa a pral enpòtan pou ede DEC kontinye atire epi kenbe pwofesyonèl ki gen lisans ki kalifye ki jwe yon wòl enpòtan nan atenn objektif anviwònman nou yo pou nan avantaj tout Nouyòkè yo."

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta Nouyòk la, Jeanette Moy, te deklare,** "Ogmantasyon salè sa yo ansanm ak inisyativ NY HELPS ki te dirije pa administrasyon Gouvènè Hochul la ap ede ajans eta yo envesti plis nan anplwaye yo pandan y ap atire nouvo talan. Nan OGS, moun nou yo se poto mitan nou, epi yo travay san pran souf pou asire ke tout sa n ap fè, soti nan sipòte repons pou ijans nan tout eta a pou asire enfrastrikti eta a rezistan fas ak efè chanjman klimatik yo, yo fèt yon fason pro-aktif, efikas, ak reflechi. Inisyativ sa a pral bay yon gwo kput pous nan kad efò rekritman ak retansyon mendèv OGS yo nan yon moman kote n ap sibi defi konplèks ansanm ak yon kantite ijans ki pa gen parèy, ki gen rapò ak move tan ki afekte enfrastrikti vital Nouyòkè yo depann sou yo chak jou."

**Komisè Sante Eta Nouyòk la, James McDonald, te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul pran pou kontinye envèstisman nan mendèv Nouyòk la se yon envestisman nan kalite lavi anjeneral pou moun k ap travay, k ap viv ak elve fanmi yo nan Eta Nouyòk. Ogmantasyon salè yo se yon lòt mezi pou amelyore detèminan sosyal sante yo ki gen rapò dirèkteman ak rezilta sante yo. Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip li nan ankouraje kominote ki pi solid, ki pi an sante atravè eta a."

**Prezidan PEF la, Wayne Spence, te deklare,** "Nou felisite Gouvènè Hochul pou angajman li nan envesti nan mendèv Eta a pou rekrute ak kenbe talan ki pi briyan yo. Plizyè milye manm PEF ki afekte nan ogmantasyon salè sa yo se fonksyonè piblik ki gen anpil konpetans ki jwe wòl enpòtan pou pwoteje ak kenbe enfrastrikti vital Nouyòk la. Ofri konpansasyon ki menm jan ak sektè prive a se yon demach pozitif pou atire pwofesyonèl ki gen talan nan travay eta a."

**Prezidan Fratènite Entènasyonal Teamsters Local 456, Louis A. Picani, te deklare,** "Manm Teamsters Local 456 yo se fonksyonè piblik devwe Otorite Thruway la ki konsakre karyè yo pou sèvi piblik k ap vwayaje yo epi asire sekirite plizyè santèn milyon chofè chak ane. Diferans salè ki apwouve a pral gen yon enpak siyifikati fsou lavi pwofesyonèl sa yo epi tou li pral amelyore rekritman ak retansyon talan kalifye, sa k ap

ede Otorite Thruway la akonpli misyon li pou Sekirite, Sèvis ak Fyabilite. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Administrasyon li a, ansanm ak Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank Hoare, ak Konsèy Direktè Otorite a paske yo rekonèt gwo enpak fonksyonè piblik nou yo fè chak jou."

**Prezidan CSEA Local 058 NYSTA, Sean Kennedy, te deklare,** "CSEA bat bravo pou investiman kontinyèl Otorite Thruway la nan resous ki pi enpòtan li a: plizyè santèn anplwaye devwe sektè piblik ki pwopilse Otorite Thruway la. CSEA pa ka tann pou fè patenarya ak Gouvènè Hochul, Direktè Egzekitif Hoare ak Konsèy Administrasyon Otorite a pou asire ke Thruway la ka kontinye sèvi kòm yon otowout prensipal."

Ajisteman salè yo se jis youn nan anpil inisyativ Gouvènè Hochul te defann depi li te antre an fonksyon pou ranfòse ak sipòte mendèv piblik Nouyòk la.

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a pral mande Depatman Fonksyon Piblik la pou lanse yon pwogram elaji ki rele Nouyòk Anboche pou yon Plasman Limite an Ijans nan tout Eta (New York Hiring for Emergency Limited Placement Statewide, NY HELPS) pou ede ajans lokal yo ak eta pi byen ranpli pòs disponib vid ki louvri pou piblik la. Pwogram NY HELPS la anile tanporèman egzajans egzamen fonksyon piblik la pou plizyè milye pòs disponib nan eta ki vid ki louvri pou piblik jeneral la. Pou rès pòs sa yo ki egzije egzamen, yo anile tout frè aplikasyon pou egzamen eta yo jiska desanm 2025 apre yon akò Gouvènè Hochul te jwenn nan bidjè ane fiskal 2024 la.

Apati 31 oktòb, ajans eta yo te pran plis pase 19,800 randevou atravè pwogram NY HELPS.

Epitou, Depatman Fonksyon Piblik la te asosye ak Depatman Travay Eta Nouyòk pou kreye Sant pou Karyè nan Gouvènman nan Sant Karyè espesifik Depatman Travay. Nan sant ajans konjwen sa yo, ki sitiye nan tout Eta Nouyòk, anplwaye pwofesyonèl tou de ajans yo kolabore pou bay sipò konplè pou ede moun k ap chèche travay yo nan rechèch travay yo pou ede yo aprann sistèm merit ak klasifikasyon travay fonksyon piblik Eta, ansanm ak Pwogram NY HELPS, k ap fasilite pakou pou sa yo ki enterese nan yon karyè gratifyan nan sèvis piblik pandan y ap devlope ak ranfòse ekonomi eta a.

Pou pwomouvwa plizyè milye travay ki disponib ak opòtinite karyè ki disponib pou tout moun, Depatman Fonksyon Piblik la te deplwaye tou yon [kanpay maketing ak sansibilizasyon piblik ki gen plizyè aspè](#) ane sa a. Yo te prezante kanpay la atravè kanal dijital ak kanal ekstèn yo an angle ak espanyòl epi li mete aksan sou valè fonksyon piblik la ak avantaj epi plizyè opòtinite gouvènman eta a ofri.

Gouvènè Hochul te pran lòt mezi tou pou sipòte ak ranfòse mendèv Eta a, tankou rezoud pwoblèm anbochaj nan Eta a ki dire depi plizyè ane, elaji opòtinite yo atravè Pwogram Gouvènè a pou Anboche Moun ak Veteran Andikape (55/b/c), epi bay finansman pou nouvo sant egzamen yo atravè eta a.

Pou aprann plis sou travay pou Eta Nouyòk ak fason pou w franchi pwochen etap la nan pouswiv yon karyè gratifyan nan fonksyon piblik, tanpri vizite sit entènèt Depatman Fonksyon Piblik la epi swiv Depatman an sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)